

Rete Yon Mwa pou Aplike pou Asistans Federal pou Dezas

Release Date: Desanm 22, 2022

COLUMBIA, S.C. – Pwopriyetè ak lokatè nan konte **Charleston, Georgetown ak Horry** ki gen pwopriyete yo andomaje apre Siklòn lan genyen jiska **lendi 23 janvye** pou aplike pou asistans dezas federal.

Apati 22 Des. plis pase \$2.69 milyon asistans konbine FEMA ak Administrasyon Ti Biznis Etazini te apwouve pou pwopriyetè, lokatè ak biznis nan Kawolin di Sid apre Siklòn lan, sa ki te fè enpak sou kot la an septanm.

Nan total sa a, **plis pase \$1.46 milyon** nan asistans FEMA te apwouve pou sivivan dezas, sa ki genyen ladann:

- **plis pase \$1.23 milyon** te apwouve pou reparasyon lojman ak asistans lokasyon
- **\$232,297** te apwouve pou bezwen medikal ak dantè, gadri, reparasyon oswa ranplasman machin, ak lòt bezwen ki anrapò ak dezas la

Administrasyon Ti Biznis te apwouve plis pase **\$1.23 milyon** kòm prè dezas ak enterè ba pou ede sivivan yo rekonstwi kay ak biznis yo. SBA se pi gwo sous fon rekiperasyon dezas nan nivo federal pou pwopriyetè, lokatè ak pwopriyetè biznis.

N ap ankouraje sivivan yo depoze plent asirans pou domaj kay yo, pwopriyete pèsonèl ak machin yo avan yo aplike pou asistans FEMA. Sibvansyon FEMA yo pa oblige ranbouse. Pa gen taks sou asistans FEMA a e li p ap afekte Sekirite Sosyal, Medicaid oswa lòt avantaj federal.

Pwogram Asistans Endividyièl FEMA a fèt pou ede sivivan dezas ak bezwen bazik esansyèl tankou jwenn yon espas ki san danje ki sanitè e ki fonksyonèl pou yo viv pandan y ap chache yon solisyon lojman sou lontèm. Sibvansyon sa yo pa la pou ranplase tout sa w te pèdi. Dapre lalwa, FEMA pa ka peye pou depans asirans ou déjà kouvri oswa lajan w te resevwa nan lòt sous tankou finansman kominotè oswa ajans volontè.



FEMA

Page 1 of 2

Aplikasyon nan asistans dezas FEMA gratis si w te sibi domaj nan Siklòn lan. Men kijan pou w aplike:

- Ale sou DisasterAssistance.gov
- Sèvi ak [FEMA mobile app](#)
- Rele **Ling Asistans FEMA a nan 800-621-3362.** Si w ap itilize yon sèvis relè videoyo (VRS), sèvis telefòn soutitre oswa lòt, bay FEMA nimewo a pou sèvis sa a. Operatè ling asistans lan pale anpil lang e ling yo ouvri soti **7 è a.m. rive 2 è a.m. chak jou.** Peze 2 pou Panyòl. Peze 3 pou yon entèprèt ki pale lang ou an.
- Pou yon videoyo aksesib sou kòman pou w aplike, ale sou youtube.com/watch?v=WZGpWI2RCNw

Soumèt yon aplikasyon prè SBA se yon etap nesesè pou yo konsidere w pou lòt fòm asistans dezas FEMA. Pou aplike pou yon prè SBA:

- Itilize sitwèb sekirize SBA a <https://disasterloanassistance.sba.gov/ela/s/>
- Mande yon aplikasyon papye pou aplike pa lapòs Etazini pandan w ap rele ling sèvis kliyan SBA a nan **800-659-2955**
- Ou gendwa tou voye yon imèl nan DisasterCustomerService@sba.gov oswa rele **800-659-2955** pou asistans sou aplikasyon ak plis enfòmasyon sou pwogram asistans dezas SBA a Endividé ki soud oswa ki gen difikilte tande gendwa rele **800-877-8339**.
- Dat limit SBA pou pwopriyetè ak lokatè ke lan te andomaje pwopriyete yo retounen aplikasyon prè yo se **vandredi 20 jan.**



FEMA

Page 2 of 2